



Maimonides

Virtual Care

Gid Demaraj Rapid Vizit Vityèl pou Pasyan

Byenvni nan Swen Vityèl Maimonides (Maimonides Virtual Care)!

Gid sa a pral ede w demare ak platfòm Swen Vityèl Maimonides la, kèlkeswa si ou chwazi pou telechaje aplikasyon an oswa konpitè w lan.



Si ou bezwen èd ak aplikasyon an oswa pou enksripsyon, rele sèvis kliyan: **833-392-0783**.

Tab dè Matyè

Si Ou Gen yon Vizit Vityèl ki Pwograme: **paj 3**

Si W Gen yon Telefòn oswa Tablèt:  

- Enskri pou Maimonides Virtual Care sou **Telefòn/Tablèt ou**
- Patisipe nan yon Vizit Vityèl ki Pwograme sou **Telefòn/Tablèt ou**

Si W ap Sèvi ak yon Konpitè:  **paj 5**

- Enskri nan Maimonides Virtual Care sou yon **Konpitè**
- Patisipe nan yon Vizit Vityèl ki Pwograme sou yon **Konpitè**

Si Ou Pa Gen yon Vizit Vityèl ki Pwograme: **paj 7**

- Si ou pa gen randevou epi ou vle enskri, eskane kòd QR w lan oswa al gade nan maimovirtualcarelogin.org

Konsèy pou Pare pou Vizit la:  **paj 8**


- Prepare pou yon **Vizit Vityèl ki Pase Byen**
- Revwa Tout Faz Dewoulman an pou Jwenn Etap ki Itil pou Fè **Anvan Vizit ou an**

Si Ou Gen yon Vizit Vityèl ki Pwograme:

 Enskri pou Maimonides Virtual Care sou Telefòn/Tablèt ou an

Tanpri asire w ou fè etap sa yo rapid jan sa posib aprè ou resevwa envitasyon nan imèl Maimonides Virtual Care la.

1. **Klike sou lyen “Get Started” (Ann Demare)** an nan imèl envitasyon pou vizit vityèl la.
2. **Make yon nouvo mòdpas** sou pwochen ekran an epi apres a klike “Continue” (Kontinye).
3. **Klike “Download our app” (Telechaje app nou an)** epi telechaje li nan magazen aplikasyon yo.
4. **Ouvri aplikasyon Maimonides Virtual Care la,** klike “Continue” (Kontinye) epi make imèlou ak Mòdpas ou fenk kreye a.



Si Ou Gen yon Vizit Vityèl ki Pwograme:




Patisipe nan Yon Vizit Vityèl sou **Telefòn/Tablèt** ou an

Ouvri aplikasyon Maimonides Virtual Care lan oswa klike sou lyen “Ann Demare” ki nan imèl envitasyon an. Konekte w 10 a 15 minit anvan lè pou vizit vityèl la kòmanse.

Klike “Continue” (Kontinye) epi apresya “Accept and Continue” (Aksepte epi Kontinye) pou aksepte kondisyon sa yo.

1. Klike “Start Visit” (Kòmanse Vizit la) epi apresya klike “Get Sated” (Ann Demare). Make **Nimewo Telefòn** ou an epi klike “Continue” (Kontinye).
2. Bay repons la pou “Describe your reason for today’s visit” (Dekri rezon pou vizit ou jodi a). Klike **checkbox** la pou konfime ou resevwa pratik pwoteksyon lavi prive yo epi klike sou “Continue” (Kontinye).
3. Klike “OK” pou pèmèt aplikasyon an jwenn aksè nan mikwofòn ak kamera ou an.
4. Kounye a ou nan pyès vityèl la. **Founisè w lan pral kite w antre byento nan premye vizit vityèl ou an!**
5. Si ou te mande yon entèprèt, tanpri **tann yon moman pou entèprèt ou vini.**



KONSÈY TEKNOLOJI: Konekte nan vizit la grasa yon rezo WiFi alapas yon rezo selilè. Plis siyal la fò, se plis vizit la ap dewoule pi byen.

[Pou jwenn plis konsèy ki itil, tcheke “Prepare pou yon Vizit Vityèl ki Pase Byen” nan paj 8.](#)



Si Ou Gen yon Vizit Vityèl ki Pwograme:



Enskri pou Maimonides Virtual Care sou yon Konpitè

Pa bliye fè tout etap sa yo rapidman, depi ou resevwa envitasyon nan imèl pou Maimonides Virtual Care la.

1. **Klike sou “Get Started” (Ann Demare)** nan envitasyon imèl ou an pou ouvri lyen an ki nan navigatè wèb ou an.
Konsèy: Si ou louvri Maimonides Virtual Care nan navigatè Chrome Google lan, sa pral ba w pi bon eksperyans lan ([Klike isit pou telechaje Chrome gratis](#)).
2. **Make yon nouvo mòdpas** epi klike sou **“Change Password” (Chanje Mòdpas)**. Sou pwochen ekran an, tcheke kaz la pou aksepte **Kondisyon Itilizasyon yo** epi klike sou **“Continue” (Kontinye)**.
3. **Make imèl ak mòdpas ou an** pou konekte w pou premye fwa.



KONSÈY TEKNIK: Anvan vizit vityèl ou an, asire w ke konpitè w lan gen yon kamera ki mache byen. Si ou gen ekoutè ak yon mikwofòn, sa gendwa fè li pi fasil pou w tande doktè w lan epi pou ranfòse pwoteksyon vi prive w.

[Pou jwenn plis konsèy ki itil, tcheke “Prepare pou yon Vizit Vityèl ki Pase Byen” nan paj 8.](#)

Si Ou Pa Gen yon Vizit Vityèl ki Pwograme

Eskane kòd QR lan ak kamera esmatfòn ou an oswa al gade [wèbsayt](#) nou an pou telechaje nouvo aplikasyon an



- **Si ou pa gen yon vizit vityèl ki deja pwograme**, epi ou ta renmen enskri, telechaje aplikasyon (app) Maimonides Virtual Care la oubyen enskri nan yon konpitè nan: maimovirtualcarelogin.org






Patisipe nan yon Vizit Vityèl ki Pwograme sou yon **Konpitè**

Ouvri Maimonides Virtual Care lè w klike sou lyen “Ann Demare” ki nan imèl envitasyon ou an (al gade Etap #1 anlè a). Sonje pou konekte w 10 a 15 minit anvan lè pou vizit vityèl la kòmanse.

Rapèl: Ouvri Maimonides Virtual Care nan Google Chrome pou gne pi bon eksperyans.

OBSÈVASYON: Konpitè w lan dwe gen yon webcam ak wo-palè pou w kapab patisipe nan Vizit Vityèl la.

1. **Make Nimewo Telefòn ou** (ou gendwa **Invite Guests** (Envitasyon Envite) lè w make imèl yo); klike “**Continue**” (Kontinye).
2. **Reponn “What would you like to discuss today?” (Kisa ou ta renmen diskite jodia?)** Klike sou kaz la pou konfime ou resewa pratik pwoteksyon lavi prive yo epi klike “**Continue**” (Kontinye).
3. **Fè yon “tech check” (verifikasyon teknik) rapid** pou asire w odyo ak videyo w yo ap mache. **Klike isit** pou fè verifikasyon teknik la. Lè w fin konfime ke tout bagay ap mache, klike “**Continue**” (Kontinye).
4. Kounye an ou nan sal datant vityèl la kote yon videyo pral ba w kèk enfòmasyon jeneral. **Founisè w lan pral fèw antre byento nan vizit vityèl ou an!**
5. Si ou te mande yon entèprèt, tanpri **tann yon moman pou entèprèt la konekte tou.**



KONSÈY TEKNOLOJI: Konekte nan vizit la grasa yon rezo WiFi alapas yon rezo selilè. Plis siyal la fò, se plis vizit la ap dewoule pi byen.

[Pou jwenn plis konsèy ki itil, tcheke “Prepare pou yon Vizit Vityèl ki Pase Byen” nan paj 8.](#)

Preparasyon pou yon Vizit Vityèl ki Dewoule Byen



Konekte w Alè

- POU vizit vityèl ki pwograme yo, tcheke imèl ou pou jwenn envitasyon ou an
- Ouvri app Maimonides Virtual Care la oubyen klike sou lyen “Ann Demare” ki nan imèl envitasyon w lan 10 a 15 minit anvan lè pou vizit la kòmanse



Konekte nan Entènèt la

- Konekte konpitè w oswa aparèy mobil ou an nan WiFi anvan koutfil la
- Teste koneksyon entènèt ou an alavans
- Plis siyal la fò, se plis vizit la ap dewoule san pwoblèm



Tcheke Son Ou An

- Tcheke si mikwofòn konpitè oswa telefòn/tablet ou an pa dezaktive, epi ajiste volim la, si sa nesèsè
- Si ou sèvi ak ekoutè oswa earbuds ak yon mikwofòn tou, li gendwa pi fasil pou ou ka tande doktè w lan epi pou ranfòse pwoteksyon lavi prive w lan



Ajite Ekleraj Ou an

- Asire w ou gen ase ekleraj san pa gen twòp revèberasyon akòz fenèt yo
- Ekleraj ki soti nan plafon se pi bon limyè pou yon vizit vityèl



Teste Kamera W lan

- Pozisyon kamera w lan (sa gendwa esmatfòn ou an) nan nivo zye w anviwon 2 pye (60 santimèt) de distans
- Si w ap konekte grasa aparèy mobil ou an, eseye poze l byen fèm vètikalman pou w pa bezwen kenbe li pandan vizit la



Jwenn yon Kote ki Pa Gen Bri

- Jwenn yon kote ki trankil ak prive kote moun p ap entewonp ou
- Doktè w gendwa bezwen diskite istwa medikal ou epi poze kesyon sansib konsènan sante w



Prepare pou Egzamen Ou an

- Si ou gen yon tèmomèt, teknoloji ki kapab mezire batman kè w (tankou yon smart watch), oksimèt pouls oubyen monitè glikòz, mete l toupre w epi di doktè sa
- Doktè w gendwa oryante w pou w fè etap tankou evalye doulè nan vant, gade yon pwoblèm nan po oubyen obsève respirasyon w lan
- Si ou se paran oswa gadyen yon k ap ede yon pasyan, pasyan an dwe prezan pou doktè a wè ak tande li pandan vizit la



Kominike Klèman

- Pale lantman e klèman; limite mouvman ou yo, sof si doktè w ba w lòt enstriksyon
- Etabli yon lis tout sentòm ou yo, nenpòt pwoblèm ki te la deja ak medikaman w ap pran kounye a

Etap Itil Anvan Pwochen Vizit Vityèl Ou an

 Siveye si ou pa t resevwa yon imèl ki soti nan adrès imèl sa a: do-not-reply@maimovirtualcare.com

1 semèn anvan

- Enskri nan Maimonides virtual grasa lyen ki nan imèl envitasyon ou an, si ou poko fè li deja
- Itilize lyen an, verifye 2 fwa si ou gen dat ak lè kòrèk la pou vizit vityèl ou an epi akoute yon nòt nan kalandriye w lan

5 jou anvan

- Siveye si ou pa resevwa yon imèl pou raple w pou w ranpli nenpòt enfòmasyon anvan vizit vityèl ou an. Yo pral voye imèl la 5 jou anvan vizit vityèl ou an.

1 jou anvan

- Gade si w pa resevwa yon dènye rapèl nan yon imèl yo voye 1 jou anvan vizit vityèl la
- Prepare yon lis tout sentòm, pwoblèm ki te la deja yo ak medikaman w ap pran kounye an ak nenpòt lòt bagay ki ta ka ede founisè w lan konprann eta sante w
- Asire ou gen teknoloji ou gendwa bezwen pou vizit vityèl ou epi ou kapab sèvi ak li pandan vizit la

30 minit anvan

- Gade si ou pa resevwa yon mesaj rapèl, si ou te chwazi metòd rapèl nan mesaj tèks, anvan lè pou vizit vityèl ou an kòmanse

10 a 15 minit anvan

- Fè yon Verifikasyon Teknik! Asire w ke son ou, ekleraj ak kamera w lan mache byen pou vizit la dewoule san pwoblèm. Klike **la** pou teste aparèy yo kounye a
- Prepare kèlkeswa bagay anplis ou ka bezwen pou vizit vityèl ou an